

RAGAM BASA SAJRONE “BUKU KIDUNG-KIDUNG KESUCIAN” ING PURA MANGKU JAYA, DESA KRADENAN, KECAMATAN PURWOHARJO, KABUPATEN BANYUWANGI

Lia Rusdiana, Surana, S.S., M.Hum.

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya
Liarusdiana.lr@gmail.com

Abstrak

“Buku Kidung-kidung Kesucian” ing pura Mangku Jaya, Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi kasusun saka maneka warna basa. Maneka warnane basa kasebut lumrahe dijalari dening maneka warnane manungsa lan kegiatan sing dilakoni. Iku kabeh sing njalari basa sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya kasebut ana maneka warna basa.

Adhedhasar landhesan panliten ing ndhuwur, punjere panliten yaiku: 1) Ragam Basa apa wae sing ana sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya, Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi; 2) Kepriye wujud pamilihe tembung sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya, Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi, lan 3) Apa wae makna panguripan sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya, Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi.

Panliten iki kalebu panliten deskriptif kualitatif sing diajab bisa ngolehake gegambaran sing cetha lan objektif ngenani Ragam Basa Sajrone Buku Kidung-kidung Kesucian ing Pura Mangku Jaya. Sumber dhata panliten iki yaiku arupa kidung-kidung lan tembang-tembang sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya lan dhatane arupa ukara-ukara sajrone buku kasebut. Teori sing digunakake sajrone panliten iki yaiku konsep ragam basa Chaer.

Asile panliten sing sepisan yaiku babagan ragam basa. Basa sing digunakake sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya yaiku basa Jawa, basa Indonesia, lan basa Sansekerta. Undha usuk basa sing ana sajrone buku kidung-kidung kesucian kasebut yaiku basa krama, krama-ngoko, krama-Sansekerta, ngoko, ngoko-krama, ngoko-Sansekerta, lan ngoko-Indonesia. Underan kapindho pamilihe tembung yaiku arupa pepindhan lan wangsalan. Dene underan sing pungkasan yaiku bab makna panguripan sing kamot sajrone “Buku Kidung-kidung Kesucian” ing pura Mangku Jaya. Kidung-kidung kasebut ngemot saperangan isi adhedhasar temاتيke yaiku memuji Gusti, sarana ngabekti, pepeling marang agama lan Gusti, kawruh agama, pandonga lan pangajab.

Tembung-tembung sing wigati: ragam basa, undha usuk basa, pamilihe tembung,

PURWAKA

Lelandhesan Panliten

Nalika sawung ing bebrayan manungsa mbutuhake piranti, yaiku basa. Basa digunakake supaya manungsa siji bisa medharake maksude marang manungsa liyane lan supaya bisa nanggèp maksud wedharan mitra tutur. Miturut Kridalaksana (2008:24) Basa ngemu teges sistem pralambang swara sing digunakake dening masyarakat kanggo sawung lan nengange diri.

Panliti bakal nлити ragam basa Jawa mligine ing Pura Mangku Jaya, Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi. Panliti milih ragam basa sajrone “Buku kidung-kidung kesucian” ing Pura Mangku Jaya, amarga basa sing digunakake sajrone buku kasebut akeh ragame. Saliyane iku, arang panliten ngenani ragam basa sajrone agama Hindu mligine sajrone “Buku kidung-kidung kesucian”. Kidung yen ing agama Hindu uga diarani Dharma Gita. Dharma Gita asale saka rong tembung yaiku Dharma lan Gita. Rong tembung kasebut asale saka basa Sansekerta. Dharma padha tegese karo agama, Sudharta (2001:4) ngandharake yen agama asale saka basa Sansekerta *a* lan *gam*. *A* tegese “ora” lan

gam tegese “lunga”, dadi agama tegese “ora lunga”, “tetep ing panggon”, “langgeng” diwarisake anak putune. Dene miturut Kamus Bausastra Jawa (2000:241). Gita tegese kidung utawa tembang.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, “Buku kidung-kidung kesucian” ing Pura Mangku Jaya perlu diteliti kanthi luwih gamblang supaya bisa dingerteni luwih cetha ragam basa sing ana sajrone Dharma Gita kasebut.

Underane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten ing ndhuwur, mula panliten iki bakal dipunjerake ing telung prekara ing ngisor iki:

- (1) Ragam basa apa wae sing ana sajrone “Buku kidung-kidung kesucian” ing pura Mangku Jaya, Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi?
- (2) Kepriye wujud pamilihe tembung sajrone “Buku kidung-kidung kesucian” ing pura Mangku Jaya, Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi?
- (3) Apa wae makna panguripan sajrone “Buku kidung-kidung kesucian” ing pura Mangku Jaya, Desa

Kradenan, Kecamatan Puwoharjo, Kabupaten Banyuwangi?

Ancase Panliten

Adhedhasar landhesane panliten lan punjere panliten ing ndhuwur, mula panliten iki nduweni tujuwan:

- (1) Nyebutake ragam basa apa wae sing digunakake sajrone “Buku kidung-kidung kesucian” ing pura Mangku Jaya, Desa Kradenan, Kecamatan Puwoharjo, Kabupaten Banyuwangi
- (2) Njlentrehake wujud pamilihe tembung sajrone “Buku kidung-kidung kesucian” ing pura Mangku Jaya, Desa Kradenan, Kecamatan Puwoharjo, Kabupaten Banyuwangi
- (3) Nyebutake makna panguripan sajrone “Buku kidung-kidung kesucian” ing pura Mangku Jaya, Desa Kradenan, Kecamatan Puwoharjo, Kabupaten Banyuwangi

Paedahe Panliten

Panliten iki nduweni rong sipat, yaiku sipat teoritis lan praktis. Sipat teoritis ing panliten iki bisa menehi kawruh sing ana sesambungane karo ragam basa. Dene sipat praktis kaperang dadi telu yaiku: (1) kanggo sinau bab ragam basa, (2) kanggo dhosen, asile panliten iki awèh pamrayoga lan kritik supaya luwih sampurna, (3) kanggo mahasiswa, bisa nambahi krenteg kanggo mahasiswa sing arep nindakake panliten bab basa mligine bab ragam basa.

Wewatesane Tembung

Sajrone panliten iki ana wates-watese tembung sing diteliti. Wewatesan iku mau kaya sing kasebut ing ngisor iki:

- a. Ragam basa : Keragaman basa bakal saya akeh yen basa kasebut digunakake dening penutur sing akeh, sarta ing dhaerah sing amba (Chaer, 2010:61).
- b. Kidung : Tembang rerepen, karangan (rumpakan) sing diiket ing tembang (Tim Penyusun, 2000:387).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Masyarakat Basa

Sajrone urip sabendinane, manungsa tansah mbutuhake pambiyantune wong liya. Antarane manungsa siji lan liyane nduweni sesambungan sing diarani *interaksi*. Kanggo *berinteraksi* manungsa mbutuhake basa. Mula saka iku basa dadi samubarang sing wigati banget ing masyarakat. **Bale Wisma**

Basa lan Tutur

Ferdinand de Saussure (1916) sajrone Chaer (2010:30) mbedakake sing diarani *langage*, *langue*, lan *parole*. Telung tetembungan kasebut asale saka basa Prancis, nanging nduweni teges sing beda. Ing basa Prancis, tembung *langage* digunakake kanggo negesi basa minangka sistem pralambang swara sing digunakake manungsa kanggo *kommunikasi* lan sesambungan kanthi

cara *verbal* antarane manungsa siji lan manungsa liyane. Tetembungan kapindone Ferdinand de Saussure yaiku *langue* ditegesi minangka sistem pralambang swara sing digunakake dening saklompok masyarakat tartamtu kanggo *kommunikasi* lan sesambungan siji lan liyane. Rong tembung ing ndhuwur yaiku *langage* lan *langue* nduweni sipat sing abstrak, beda karo rong tembung iku *parole* nduweni sipat sing *konkret*. Amarga *parole* minangka tumindak saka *langue* sing awujud tuturan, sing dilakoni dening para masyarakat sajrone sesambungan lan *berkommunikasi*. Saka panjlentrehan ing ndhuwur bisa dingerteni yen *langage*, *langue*, lan *parole* nduweni teges sing beda, senadyan masyarakat wis nganggep yen kabeh mau nduweni teges “basa”.

Verbal Repertoire

Ibrahim (1992:143) nduweni panemu yen *totalitas* variasi dialektal lan variasi *superposed* sing ditrapake kanthi cara reguler ing masyarakat mujudake verbal repertoire masyarakat kasebut. Yen sambungan antarane sawijine basa cocok utawa ora cocok karo golongan sosial, mula verbal repertoire tansah nduwe sipat spesifik marang pendhudhuk tartamtu.

Masyarakat Tutur

Chaer (2010:36) nduweni panemu yen sawijine klompok uwong utawa masyarakat nduweni verbal repertoire sing padha lan nduweni pambiji sing padha tumrap paugeran-paugeran panganggone basa sing digunakake sajrone masyarakat kasebut diarani *masyarakat tutur*.

Ragam Basa

Chaer (2010:61) ngandharake yen *keragaman* basa bakal saya akeh yen basa kasebut digunakake dening penutur sing akeh, sarta ing dhaerah sing amba. Ragam basa dhewe bisa digolongake adhedhasar akeh panemu. Akeh ahli basa sing wis awèh panemu babagan ragam basa lan panyawange. Pateda (1987:52) ngandharake yen ragam basa bisa didhasarake saka: (a) Panggonan, (b)Wektu, (c) Panganggo, (d) Kahanan, (e) Dialek sing disambungake karo panyapa, (f) Status, (g) Panganggone.

Dwibasa (Bilingualisme)

Bilingualisme nduweni teges panganggone rong basa utawa luwih dening sawijine pawongan utawa masyarakat (Kridalaksana, 2008:36). Miturut panemune Bloomfield (1933) sajrone Basir (2010:24), Dwibasa yaiku wujud panguwasane rong sing padha becike, padha karo kabisan basane panutur asline. Dene Weinreich (1970) sajrone Basir (2010:24) nduweni panemu yen dwibasa minangka wujud praktek panganggone rong basa sacara gantian.

Undha Usuk Basa

Miturut panemune Sukiyat dkk, basa Jawa iku akeh banget unggah-ungguhe, kaya ta basa ngoko, basa krama, krama madya, krama inggil, basa kedhatonan, basa kawi, lan isih akeh maneh. Dene sing lumrah kanggo wong akeh yaiku basa ngoko, basa krama, krama madya, lan krama inggil (Sukiyat dkk, 1984:47). Unggah-ungguhe basa diperang dadi telu, yaiku: (1) basa ngoko, (2) basa madya, lan (3) basa krama (Sutiyanto, 2007:26).

Landhesan Teori

Dhasar teori kang digunakake ing panliten iki yaiku konsep ragam basa. Chaer, (2010:61) ngandharake yen ragam basa yaiku maneka warna basa sing disebabake amarga anane maneka warna panutur sing ora homogen lan amarga maneka warna interaksi sosial sing dilakoni. Chaer (2010:62) uga ngandharake yen ragam basa diperang dadi loro yaiku: 1) Ragam basa minangka akibat saka keragaman sosial panutur basa lan maneka wernane fungsi basa. 2) Ragam basa ana kanggo njangkepi fungsine minangka piranti interaksi kegiatan masyarakat sing maneka warna.

METODHE PANLITEN

Rancangan Panliten

Manut panemune Djajasudarma (1993:3) metodhe panliten mujudake piranti, prosedur, lan teknik kanggo nliti (nglumpukake lan nganalisis) objek sing dipilih dening panliti. Metodhe sing dipilih dening panliti kasebut nduweni tujuan supaya asile panliten asipat representatif ing bebrayan.

Panliten ragam basa sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya, Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi nggunakake ancangan *deskriptif kualitatif*. Deskriptif *kualitatif* yaiku panliten sing mung nengenake kanyatan-kanyatan utawa tandha-tandha empiris sing urip ing pribadine panutur (Sudaryanto, 1993:62). Tembung deskriptif duwe sipat nuntun supaya sing dilakoni panliten mung adhedhasar kanyatan-kanyatan utawa fenomena-fenomena empiris sing urip lan ngrembaka ing pribadine panutur, temah kang dadi asile yaiku pesen-pesen awujud basa minangka paparan apa anane. Dene tembung kualitatif mujudake metodhe sing nggunakake dhata awujud peprincene tembung-tembung, dudu awujud angka sing teknik analisis nggunakake statistik. Kanthi ancangan deskriptif kualitatif, panliten iki diajab bisa ngolehake gegambaran sing cetha lan objektif ngenani Ragam Basa Sajrone Buku Kidung-kidung Kesucian ing Pura Mangku Jaya, Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi.

Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber Dhata

Sumber dhata mujudake peranan sing baku sajrone salah sijine panliten. Antarane sumber dhata lan panliten nduweni sesambungan sing baku lan kuwat. Tegese, saben panliten mesthi mbutuhake sumber dhata, yen ora ana sumber dhata panliten iku ora bakal kalaksanan. Manut andharan kasebut, sing diarani sumber dhata yaiku subjek saka ngendi dhata diolehi. Manut panemu ing ndhuwur, mula sumber dhata panliten iki yaiku arupa kidung-kidung lan tembang-tembang sing ana sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya, Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi.

Dhata Panliten

Dhata ing panliten iki arupa ukara sing ana ing kidung-kidung lan tembang-tembang sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi. Ukara-ukara saka kidung-kidung lan tembang-tembang kasebut sing bakal dianalisis sajrone panliten iki.

Tata Cara Nglumpukake Dhata

Panglumpuke dhata ing panliten iki nggunakake teknik waca lan cathet. Panliti nggunakake teknik waca kanthi cara maca teks sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya. Dene nggunakake teknik cathet yaiku kanthi cara nyathet lan nggolongake tembung-tembung utawa ukara sing ngemot ragam basa, pamilihe tembung, lan makna panguripan sajrone “Buku Kidung-kidung Kesucian” ing Pura Mangku Jaya. Teknik cathet ditindakake kanthi nyathet dhata sing wis diolehake banjur dicathet ana kertas. Iku nduweni tujuan kanggo nggampangake panliti anggone nganalisis dhata. Saliyane nggunakake teknik waca lan cathet, sajrone panliten iki uga digunakake teknik wawancara. Teknik wawancara dianakake kanthi tujuan nglumpukake dhata utawa katrangan ngenani panguripane manungsa ing masyarakat minangka pituduh sing wigati saka teknik observasi (Sudikan, 2001:90).

Teknik Panjlentrehan Dhata

Panliten iki diandharake manut paugeran lan tatanan sing awujud tembung-tembung. Dhata sing wis dikumpulake banjur dijlentrehake kanthi cara deskriptif. Deskriptif ateges tatacara ngonceki dhata kanthi nggunakake tembung, dudu angka sing bisa menehi katrangan utawa andharan panliten adhedhasar dhata sing diasilake saka subjek panliten.

Sakabehe dhata ing panliten iki minangka jinise ragam basa, basa rinengga, lan ragam basa tembang macapat. Dhata-dhata kasebut dijlentrehake kanthi metodhe *formal* yaiku ngandharake kanthi tandha-tandha lan lambang lan metodhe *informal* yaiku kanthi ngandharake kanthi nggunakake basa (Sudaryanto, 1993:144).

Tata Cara Nyuguhake Asil Jlentrehan Dhata

Sajrone panliten iki, tatacara nyuguhake asil jlentrehan dhata yaiku kanthi ngandharake asil dhata awujud laporan ngenani Ragam Basa Sajrone Buku Kidung-kidung Kesucian ing Pura Mangkujaya, Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi adhedhasar underane panliten. Dhata sing wis dijlentrehake adhedhasar jinise ragam basa, basa rinengga, lan ragam basa tembang macapat disuguhake kanthi jangkep arupa teks.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Basa Jawa

Basa Jawa yaiku basa sing digunakake dening masyarakat Jawa.

Basa Jawa sing digunakake sajrone buku kidung-kidung kesucian ing Pura Mangku Jaya, Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi maneka warna maceme. Supaya bisa dingerteni kanthi luwih gamblang, basa Jawa sing digunakake sajrone buku kidung-kidung kesucian ing Pura Mangku Jaya, Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

- (1) *Mung welingku aja lali*

(LD 1, hal 88)

‘hanya pesanku jangan lupa’

- (2) *Sapa wae ngrasakake kabudayan kita dhewe* (LD 1, hal 88)

‘siapa pun merasakan kebudayaan kita sendiri’

- (3) *Kanca ayo kanca padha sing prayitna*
(LD 1, hal 88)
‘teman ayo yang hati-hati’

Mung welingku aja lali mujudake dhata (1). Dhata kasebut yen disawang saka jinise ukara kalebu ukara pakon pamenging. Dhata kasebut nduweni maksud meling utawa ngelingake supaya ora lali. Dhata (2) yaiku *Sapa wae ngrasakake kabudayan kita dhewe* nduweni maksud yen kabudayane kita bisa dirasakake dening sapa wae. Dhata (3) yen disawang saka jinise ukara kalebu ukara pakon pangajak, amarga nggunakake tembung *ayo* ing jerone. Maksud saka dhata kasebut yaiku ngejak supaya kanca-kancane padha prayitna.

Basa Indonesia

Basa Indonesia minangka basa nasional ing negara Indonesia. Meh kabeh masyarakat sing urip ing Indonesia ngerteni lan isa nggunakake basa Indonesia. Basa Indonesia baku banget ing bebrayan. Basa Indonesia bisa kanggo sarana komunikasi nalika pawongan sing beda suku utawa beda dhaerah kepengin guneman. Basa Indonesia uga digunakake sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi. Basa Indonesia sing ana sajrone buku kidung-kidung kesucian kasebut kaya ing ngisor iki.

- (4) *Menjadi kokoh dasarnya agama Hindu Dharma* (LD 1, hal 85)
‘menjadi dasar agam Hindu’

- (5) *Memang itu tujuannya* (LD 1, hal 85)
‘itulah tujuannya’

Menjadi kokoh dasarnya agama Hindu Dharma mujudake dhata (4) nduweni maksud dadi dhasare agama Hindu. Dhata sabanjure yaiku dhata (5) *Memang itu tujuannya*. Dhata (5) yen disambungake karo gatra sadurunge yaiku ‘nomer lima moksa’, dhata (5) nduweni maksud yen moksa pancen iku tujuwane.

Basa Sansekerta

Agama Hindu minangka agama sing asale saka India akeh nggunakake basa sansekerta, mligine sajrone mantra-mantrane. Mantra-mantra ing agama Hindu meh kabeh nggunakake basa sansekerta, saliyane mantra-mantra uga ana lelagon ing agama Hindu sing uga nggunakake basa sansekerta. Lelagon iku saperangan ana sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya. Lelagon iku mau minangka saperangan dhata panliten iki mligine dhata basa sansekerta. Dhata-dhata basa sansekerta kasebut ing antarane kaya ing ngisor iki.

- (12) *Om Swastyastu*
(LD 1, hal 115)
‘Om Swastyastu’

- (13) *Om santi santi santi Om*
(LD 1, hal 115)
‘Om santi santi santi Om’

Rong dhata ing ndhuwur yaiku dhata sing nggunakake basa Sansekerta. Dhata-dhata kasebut kasusun saka tembung-tembung Sansekerta. *Om Swastyastu* minangka salame umat Hindu. *Om swastyastu* asale saka tembung-tembung Sansekerta, *Om* yaiku aksara suci kanggo Sang Hyang Widhi Su + *asti* + *astu*. ‘Su’ tegese becik, ‘asti’ tegese yaiku lan ‘astu’ tegese muga-muga. Dadi tegese *Om Swastyastu* yaiku muga-muga tansah rahayu lan antuk kabecikan dening Sang Hyang Widhi Wasa (Sudharta, 2001:2).

Dhata sabanjure yaiku dhata (13) *Om santi santi santi Om*. Dhata kasebut kasusun saka tembung-tembung Sansekerta. Dhata *Om santi santi santi Om* nduweni teges muga-muga tansah ayem lan pikantuk kanugrahane Sang Hyang Widhi Wasa. Tembung *santi* asale saka tembung *santih* tegese *damai* (Basa Indonesia) utawa ayem.

Undha Usuk Basa

Undha usuk basa minangka tatacarane pawongan guneman marang wong liya, mligine tata krama basane kudu digatekake. Nalika guneman marang wong liya, kita kudu nggatekake sapa sing diajak guneman. Lumrahe sing kudu digatekake nalika guneman marang wong liya iku umure mitra tutur lan status sosiale. Basa sing digunakake nalika guneman iku sing diarani Undha-usuk basa utawa uga sinebut unggah-ungguh basa.

Krama

Basa krama digunakake dening pawongan nalika guneman marang wong sing luwih tuwa umure, utawa sing status sosiale luwih dhuwur sarta uga bisa digunakake dening pawongan nalika guneman karo pawongan liya sing durung kenal akrab. Basa krama luwih nengenake tata krama antarane pawongan sing ngajak guneman lan mitra tuture.

Basa krama uga digunakake sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya. Saperangan dhata sing nggunakake basa krama yaiku kaya ing ngisor iki.

- (16) *Paring berkah rahayu*
(LD 1, hal 99)
‘memberi berkah berupa keselamatan’

- (17) *Mugi-mugi katampia dhumateng Hyang Widhi Wasa*
(LD 1, hal 100)
‘semoga diterima oleh Hyang Widhi Wasa’

- (18) *Kula nyuwun gunging pangaksama*
(LD 1, hal 110)

‘saya minta maaf’

Dhata (16) yaiku *Paring berkah rahayu*. Dhata kasebut kasusun saka tembung-tembung krama, kaya tembung *paring* yen ing basa ngoko owah dadi tembung *paweh*. Banjur tembung *rahayu* nduweni teges *slamet* utawa *luput saka kacilakan*. Dhata (16) nduweni maksud yen menehi berkah arupa keselamatan.

Dhata sabanjure sing bisa mbuktekake yen sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya nggunakake basa krama yaiku dhata (17). Dhata (17) yaiku *Mugi-mugi katampia dhumateng Hyang Widhi*

Wasa. Dhata kasebut kasusun saka tembung-tembung krama, senadyan ana saperang tembung sing kalebu basa Sansekerta yaiku Hyang Widhi Wasa nanging ing kene Hyang Widhi minangka asmane Gusti ing agama Hindu. Tembung *mugi-mugi* kalebu basa krama yen ing basa ngoko owah dadi *muga-muga*. Dene tembung *katampiya* asale saka tembung *tampi* sing ing basa ngoko yaiku *tampa* utawa *terima*. Tembung *dhumateng* sing asale saka tembung *dhateng* banjur kawuwuhan seselan *-um-* uga kalebu basa krama yen ing basa ngoko owah dadi tembung *marang* utawa *menyang*. Dhata (17) kasebut nduweni maksud ndonga muga-muga pandongane iku ditampa dening Gusti Sing Maha Kuwasa.

Kula nyuwun gunging pangaksama minangka dhata (18) kasusun saka tembung-tembung krama. Dhata kasebut nduweni maksud njaluk pangapura, yen disambungake karo gatra sadurunge lan sawise dhata kasebut nduweni maksud njaluk pangapura marang Gusti.

Krama-Ngoko

Basa Jawa minangka basa sing nduweni unggah-ungguh utawa uga diarani undha usuk basa Jawa. Undha usuke basa Jawa umume yaiku basa krama lan basa ngoko. Akeh-akehe wong Jawa isih nyampur anggone nggunakake undha usuk basa kasebut. Kadhang kala krama dicampur ngoko, ngoko disampur krama, krama dicampur basa liyane uga ana. Kadadeyan sing kaya mangkono uga ana sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya. Saperangan dhata sing nuduhake yen sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya nggunakake basa krama-ngoko, krama-Sansekerta, lan liya-liyane bisa disawang ing ngisor iki.

(23) *Samya muji ageng alit mudha-mudhi ja lali* (LD 1, hal 98)

‘besar kecil muda-mudi menyembah bersama janganlah lupa’

(24) *Ngagema ali-aliku pamrihe* (LD 1, hal 87)

‘pakailah cincinku sebagai ganti’

Dhata (23) yaiku *samya muji ageng alit mudha-mudhi ja lali*. Dhata (23) kasusun saka tembung-tembung krama lan ngoko. Tembung krama sajrone dhata kasebut yaiku tembung *ageng alit*, tembung *ageng* ngokone yaiku *gedhe* lan tembung *alit* ngokone yaiku *cilik*. Dene tembung *ja lali* sing asale saka tembung *aja* lan tembung *lali* iku mono kalebu basa ngoko. Mula saka andharan kasebut bisa dingerteni yen dhata (23) nggunakake rong undha usuk basa Jawa yaiku krama lan ngoko. Dhata (23) kasebut nduweni maksud pepeling marang para mudha-mudhi supaya ora lali tansah memuji Hyang Widhi.

1) Dhata sabanjure yaiku *Ngagema ali-aliku pamrihe* mujudake dhata (24). Dhata kasebut uga kasusun saka rong undha usuk basa Jawa yaiku krama lan ngoko. Andharan kasebut bisa dingerteni saka tembung-tembung sing digunakake sajrone dhata (24). Tembung *ngagema* kanggo tuladhane, tembung *ngagema* minangka tembung krama sing tembung ngokone yaiku *nganggoa*. Dene tembung *ali-aliku pamrihe* minangka tembung ngoko, yen didadekake krama kudune tembung *ali-aliku* dadi *ali-ali kula* lan tembung *pamrihe* dadi *pamrih kula*. Alesane amarga –*ku*, –*mu*, –*e* kalebu tembung sesulih pandarbe enklitik.

Tembung sesulih pandarbe –*ku* yen ing basa krama bakal owah dadi kula.

Krama-Sansekerta

Basa Jawa nduweni undha usuk basa, basa sing lumrahe digunakake ing acara resmi, digunakake nalika guneman karo wong sing luwih tuwa utawa pangkate luwih dhuwur yaiku basa krama. Basa krama dianggep luwih ngajeni wong diajak guneman. Yen nggunakake basa krama dianggep nduweni tata krama sing becik. Basa krama kasebut uga digunakake sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya. Saliyane basa krama lan basa ngoko, uga digunakake basa Sansekerta minangka basa asline umat Hindu. Wis dingerteni sejarane agama Hindu, yen agama Hindu iku asale saka India sing akeh-akehe nggunakake basa Sansekerta. Semono uga sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya uga nggunakake saperangan basa sansekerta. Malah ana saperangan kidung sajrone buku kasebut sing nggunakake basa krama campur Sansekerta utawa Krama-Sansekerta. Saperangan tuladhane kaya ing ngisor iki.

(26) *Kanthi nyuwun tirta suci* (LD 1, hal 104)

‘dengan meminta air suci’

(27) *Rampungne memuji sigra ngampil tirta suci* (LD 1, hal 107)

‘selesai menyembah cepatlah mengambil air suci’

Dhata-dhata ing ndhuwur nuduhake yen sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya nggunakake basa krama-Sansekerta. Dhata (26) minangka salah siji tuladhane. Dhata (26) yaiku *Kanthi nyuwun tirta suci*, dhata kasebut nduweni maksud yen njaluk banyu suci. Tembung *nyuwun* kalebu basa krama yen ing basa ngoko owah dadi tembung *njaluk*. *Tirta* yen ing agama Hindu mujudake arane banyu suci dianggo sarana nalika sembahyang. *Tirta* minangka salah sijine sarana sembahyang nduweni guna sing baku ing agama Hindu, *tirta suci* kasebut asale saka banyu sing wis disucekake lumantar sawijine upacara. *Tirta* asale saka basa Sansekerta sing nduweni teges banyu suci. Cetha disawang saka andharan ing ndhuwur bisa kabuktekake yen sajrone buku kidung-kidung kesucian nggunakake basa krama-Sansekerta.

Dhata sabanjure sing uga bisa mbuktekake yen sajrone buku kidung-kidung kesucian nggunakake basa krama-Sansekerta yaiku dhata (27) *Rampungne memuji sigra ngampil tirta suci*. Dhata kasebut kasusun saka basa krama lan basa Sansekerta. Tembung *sigra* kalebu basa Sansekerta sing tegese *ndang gage*, dene tembung *tirta* uga kalebu basa Sansekerta sing tegese *banyu*. Tembung *ngampil* kalebu basa krama sing basa ngokone *nyilih*. Dhata (27) nduweni maksud yen sabubare memuji ndang gage nyilih utawa njaluk banyu suci.

Ngoko

Basa ngoko lumrahe digunakake dening masyarakat Jawa nalika guneman sabendinane. Masyarakat nggunakake basa ngoko supaya ora krasa pakewuh utawa supaya katon luwih akrab antarane

panutur lan mitra tutur. Basa ngoko lumrahe digunakake nalika guneman karo wong sing umure padha utawa umure luwih enom nalika ing acara ora resmi. Basa ngoko sing kaya mangkono njalari akeh wong sing ngrasa status sosiale luwih dhuwur utawa umure luwih tuwa kerep nggunakake basa iku. Ora mokal yen basa ngoko uga digunakake sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya. Basa ngoko sing digunakake sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya iku wis akeh sing dicampur karo basa krama, basa Sansekerta utawa basa liyane. Supaya bisa dingerteni kanthi luwih gamblang, bakal kaandharake tuladha-tuladha dhata sing nggunakake basa ngoko lan nggunakake basa ngoko sing wis kacampur basa liya sarta analise ing ngisor iki.

(31) *Kabeh dha elinga marang Kang Kuwasa*

(LD 1, hal 100)

‘semua ingatlah kepada Yang Maha Kuasa’

(32) *Manut mring agama sing kanggo lantaran*

(LD 1, hal 100)

‘menurut kepada agama yang dijadikan tumpuan’

Ngoko-Krama

Wong Jawa kondhang karo unggah-ungguh sing diduweni. Unggah-ungguh kasebut uga ditrapake ing basane, yaiku basa Jawa. Unggah-ungguh basa ing basa Jawa uga sinebut undha usuk basa. Undha usuk basa Jawa sing lumrah digunakake yaiku basa krama lan ngoko. Kadhang kala kekarone digunakake bebarengan tanpa disengaja. Panganggone basa ngoko lan krama kanthi bebarengan uga ana sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya. Supaya bisa mbuktekake katrangan kasebut, ana saperangan dhata ing ngisor sing bisa mbuktekake.

(37) *Dina pahing lima neptu puniki*

(LD 1, hal 86)

‘hari pahing neptunya ini lima’

(38) *Nyepi iku dina taun enggal*

(LD 1, hal 102)

‘Nyepi adalah hari tahun baru’

Saperangan dhata ing ndhuwur minangka saperangan tuladha dhata sing nggunakake basa ngoko-krama sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya. Dhata sabanjure yaiku *Dina pahing lima neptu puniki* mujudake dhata (37). Dhata kasebut uga minangka salah sijine tuladha saka basa Ngoko-Krama. Tembung *dina* kalebu basa ngoko sing basa kramane *dinten*. Tembung *puniki* kalebu basa krama, tembung kasebut yen basa ngoko owah dadi tembung *iki*. Mula wis bisa dibuktekake yen dhata (37) kasusun saka basa ngoko lan basa krama.

Rong dhata ing ndhuwur kalebu dhata sing kasusun saka basa ngoko lan basa krama. Dhata (38) yaiku *Nyepi iku dina taun enggal* kasusun saka tembung-tembung ngoko lan tembung-tembung krama. Tembung *iku* minangka tembung sesuluh panuduh, mligine nuduhake sawijine bab sing rada adoh saka panutur. Tembung *iku* nduweni basa krama punika. Dene tembung *dina* uga kalebu basa ngoko sing basa kramane *dinten*. Sing kalebu basa krama yaiku tembung *enggal* sing basa ngokone *anyar*.

Ngoko-Sansekerta

Basa ngoko minangka basa sing kerep digunakake dening masyarakat ing bebrayan sabendinane, nduweni guna sing baku banget. Amarga saperangan uwong ora ngerteni bab basa krama kanthi luwih jeru saengga luwih milih nggunakake basa ngoko. semono uga sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya. Saliyane nggunakake basa ngoko lan krama minangka undha usuke basa Jawa, sajrone buku kasebut uga nggunakake basa Sansekerta. Basa Sansekerta minangka basa sing akeh-akehe digunakake ing agama Hindu, mligine ing mantra sembahyang sabendinane. Saliyane digunakake sajrone mantra-mantra sembahyang, basa Sansekerta uga digunakake sajrone lelagon ing buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya. Basa ngoko dicampur basa Sansekerta uga akeh digunakake sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya kasebut. Kanggo mbuktekake bakal kabuktekake dening saperangan dhata ing ngisor iki.

(40) *Yen kita meminta aja lali puspa ratus tirta*

(LD 1, hal 90)

‘jika kita memohon jangan lupa dengan sarana bunga dan air’

(41) *Ingang bisa ngasah bisa roneng praja* (LD 1, hal 91)

‘yang bisa menuntunlah yang bisa ke kraton’

Yen kita meminta aja lali puspa ratus tirta minangka dhata (40) nduweni maksud yen nalika kita ngabekti lan meminta marang Hyang Widhi aja nganti lali sara sembahyang arupa puspa lan tirta. Tembung *aja lali* minangka basa ngoko sing basa kramane yaiku *sampun lan supe*. Dene tembung *meminta* kalebu basa Sansekerta sing asale saka tembung lingga *mintā* tegese *njaluk* utawa *nyuwun* yen ing basa krama. Tembung *puspa* lan *tirta* uga kalebu basa Sansekerta, tembung *puspa* tegese *kembang* lan tembung *tirta* tegese *banyu*. Dhata (40) kasebut nduweni maksud yen nalika kita nyenyuwun marang Sang Hyang Widhi utawa Gusti aja nganti lali nggawa saranane sembahyang tumrape umat Hindu yaiku *kembang* lan *tirta*. Yen ing agama Hindu, *tirta* ditegesei minangka banyu sing wis disucekake.

Dhata sabanjure yaiku dhata (41) *Ingang bisa ngasah bisa roneng praja*. Dhata kasebut kasusun saka basa ngoko lan basa Sansekerta. Tembung *bisa* kalebu tembung ngoko sing basa kramane *saged*. Banjur tembung *roneng* ing kene asale saka rong tembung sing dilebur dadi siji, yaiku saka tembung *rono* lan *ing* banjur dadi *roneng*. Tembung *rono* kalebu tembung ngoko sing nduweni basa krama *mriku*. Tembung *praja* kalebu tembung Sansekerta sing tegese *kraton*.

Ngoko-Indonesia

Wong Jawa minangka masyarakat sing nduweni unggah-ungguh mligine ing basane, ngenal unggah-ungguh basa Jawa utawa sing kerep diarani undha usuk basa Jawa kaya ngoko lan krama. Nalika nggunakake undha usuk basa kasebut, wong Jawa minangka perangan saka negara Indonesia kerep nyampur basa sing digunakake karo basa Indonesia. Iku kabeh jalarane yaiku masyarakat Jawa nduweni basa dhewe yaiku basa Jawa,

saliyane iku masyarakat Jawa uga perangan saka Indonesia sing nduweni basa nasional yaiku basa Indonesia. Mula saka iku, basa sing digunakake uga ana saperangan sing campur. Ora mung nalika cecaturan ing bebrayan sabendinane, nanging uga sajrone tulisan-tulisan utawa karya sastra-karya sastra kalebu kidung-kidung sing ana sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya. Masyarakat jaman saiki akeh-akehe wis ngangsu kawruh ing bangku sekolah, mula saka iku akeh masyarakat sing kulina nggunakake basa Indonesia sabendinane mligine masyarakat kutha. Ora mokal yen wong desa uga bisa nggunakake basa Indonesia, amarga akeh wong desa sing padha sekolah. Semono uga umat Hindu ing pura Mangku Jaya. Kabeh iku ditrapake sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya, mula sajrone buku kasebut ngemot saperangan basa Jawa mligine ngoko sing dicampur basa Indonesia. Supaya bisa dibuktekake kanthi luwih cetha bakal diandharake saperangan tuladha lan analisis ing ngisor iki.

(44) *Pancen ku kepercayaan kita pribadi* (LD 1, hal 94)
‘memang itu kepercayaan kita pribadi’

(45) *Bebarengan nindakake kesucian* (LD 1, hal 95)
‘bersama-sama melakukan kesucian’

Telung dhata ing ndhuwur nuduhake yen sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya nggunakake basa ngoko-Indonesia. Dhata sabanjure yaiku dhata (44) *Pancen ku kepercayaan kita pribadi*. Dhata kasebut uga kasusun saka basa Jawa ngoko lan basa Indonesia. Tembung sing kalebu basa Jawa ngoko yaiku tembung *ku* minangka cekakan saka tembung panuduh *iku*. Tembung panuduh *iku* kalebu basa Jawa ngoko yen ing basa krama tembung *iku* owah dadi tembung *punika*. Dene tembung sing kalebu basa Indonesia yaiku tembung *kepercayaan*, tembung kasebut yen ing basa Jawa owah dadi *kapercaayan* utawa *kapitayan*. Adhedhasar analisis ing ndhuwur bisa dibuktekake yen sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya nggunakake basa Jawa Ngoko-Indonesia.

Saliyane dhata (44) uga isih ana dhata (45) sing uga bisa mbuktekake yen sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya nggunakake basa Jawa Ngoko-Indonesia. Dhata (45) yaiku *Bebarengan nindakake kesucian*. Dhata kasebut uga kasusun saka basa Jawa ngoko lan basa Indonesia. Tembung sing kalebu basa ngoko yaiku tembung *bebarengan*. Tembung *bebarengan* asale saka tembung *bareng*, banjur owah dadi tembung andhahan dwipurwa lan kawuwuhan panambang *-an*. Tembung *bebarengan* yen ing basa krama owah dadi *sesarengan*. Dene tembung sing kalebu basa Indonesia yaiku tembung *kesucian*. Tembung *kesucian* yen ing basa Jawa owah dadi tembung *kasucen* utawa *kasucian*.

Pamilihe Tembung

1) Pepindhan

Pepindhan yen ing basa Indonesia lumrahe diarani pengandaian. Tembung pepindhan asale saka tembung lingga *pindha* sing kawuwuhan panambang *-an*.

Tembung *pindha* tegese *kaya*. Dasanamane: *lir*; *pendah*, *kadi*, *kadya*, *lir-pendah*, *yayah* (Padmosoekotjo, 1953:109).

Padmosoekotjo uga nduweni panemu yen pepindhan iku unen-unen sing ngemu surasa pepadhan, irib-iriban, emper-emperan. Dapukaning ukara pepindhan kanggo tembung *kaya*, *pindha*, utawa dasanamane. Kadhang kala ora ana tembung *pindha* utawa dasanamane, nanging ana tembung andhahan sing kena ditegesi ‘*kaya*’. Diarani pepindhan amarga dapukaning ukara ngemu surasa pepindhan, irib-iriban, utawa emper-emperan. Dadi sing luwih digatekake dapukaning ukara.

(48) *Lir kusuma mbabar ganda wangi*

(LD 1, hal 82)

‘bagaikan bunga yang semerbak harum’

(49) *Pindha sang madu branta*

(LD 1, hal 82)

‘bagai sang madu yang sedang kasmaran’

Kaya kembang sing ambu wangi banget minangka maksud saka dhata (48). Dhata (48) mujudake salah sijine tuladha dhata sing kalebu pepindhan. Dhata kasebut bisa kalebu pepindhan amarga nggunakake salah sijine tetenger pepindhan yaiku anane tembung *pindha*, *kaya*, *lir*, *kadi*, *kadya* utawa dasanamane. Dhata kasebut nggunakake tembung *lir* minangka dasaname tembung *pindha*. Saliyane iku dhata (48) uga ngemu maksud pepindhan. Yen disambungake karo gatra sadurunge utawa sawise dhata (48) nduweni maksud gandane dupa nalika sembahyang kaya gandane kembang sing wangi banget.

Saliyane dhata (48) uga isih ana dhata (49) sing uga kalebu pepindhan. *Pindha sang madu branta* nduweni maksud kaya sang madu sing lagi nandhang gandrung utawa lagi kesengsem. Dhata kasebut nggunakake tembung *pindha* lan ngemu pepindhan. Dhata sabanjure yaiku dhata (50) *Pindha pesat ing supena*. Dhata kasebut kaya dhata (49) padha-padha nggunakake tembung *pindha* minangka tetengere pepindhan.

2) Wangsalan

Pangrembakane sastra lan basa Jawa saya ngrembakakake karya-karya Jawa. Salah siji wujud karya Jawa yaiku wangsalan. Wangsalan kulina digunakake ing bebrayan. Wong sing nggunakake wangsalan ora angger uwong, nanging wong sing paham tatanan wangsalan lan panganggone ing cecaturan. Wangsalan kerep banget keprungu ing kupinge wong Jawa. Yen miturut panemune Padmosoekotjo (1953:53) wangsalan iku unen-unen saemper cangkriman, nanging lumrahe batangane pisan. Olehe nyebutake batangane iku ora kanthi melok, ora diceplosake nanging kanthi sinandhi, mung kasebutake sawanda (kadhang luwih) ana ing ukara candhake. Sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya ana saperangan dhata sing kalebu wangsalan. Kanggo mbuktekake andharan kasebut, bakal diandharake saperangan dhata sing kalebu wangsalan kaya ing ngisor iki.

(55) *Jenang gula aja lali* (LD 1, hal 90)

‘jenang gula jangan lupa’

(56) *Wohing aren kudu eling* (LD 1, hal 90)
‘biji aren harus ingat’

Rong dhata ing ndhuwur yaiku dhata sing awujud wangsalan. Dhata sing awujud wangsalan sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya ora akeh kaya dhata-dhata liyane, amarga wangsalan arang digunakake sajrone buku kasebut. Dhata (55) yaiku *Jenang gula aja lali* minangka salah siji dhata sing kalebu wangsalan. Dhata kasebut yen dianalisis, jenang gula arane *glali*. *Glali* wanda sing pungkasan *li*, banjur isine aja *lali* nduweni wanda pungkasan *li*. Tembung *glali* iku minangka tembung sinandhi, amarga ing dhata (55) mung disebutake *jenang gula* ora disebutake *glali*. Wanda pungkasan saka rong tembung yaiku tembung *glali* lan *lali* padha. Lan tembung *lali* minangka isi saka wangsalan kasebut. Mula cetha yen dhata (55) kalebu wangsalan.

Dhata sabanjure yaiku dhata (56) *Wohing aren kudu eling*. Dhata kasebut yen dianalisis kanthi stiti bisa gathuk antarane rong tembung sing ngarep lan rong tembung buri. *Wohing aren* arane *kolang-kaling*, wanda pungkasane *ling*. Dene isine yaiku *kudu eling*, wanda pungkasane uga *ling*. Mula antarane *kolang-kaling* lan *eling* gathuk amarga nggunakake wanda pungkasan padha. Adhedhasar rong dhata ing ndhuwur bisa kabuktekake yen sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya nggunakake wangsalan.

Makna Panguripan sajrone “Buku Kidung-kidung Kesucian”

1) Memuji Gusti

Gusti Ingkang akarya Jagad ateges Gusti sing ngripta samubarang sing ana ing jagad raya iki, mula Gusti pantes dipuji. Saben agama lan kapercayan nduweni cara sing beda kanggo memuji marang Gustine, semono uga agama Hindu. Umat Hindu muji lan ngagung-ngaguake Gustine lumantar pandonga lan tetembangan sing aran kidung. Umat Hindu ing pura Mangku Jaya uga nglakoni pakulinan kasebut. Memuji Gusti dadi isi saka saperangan kidung sajrone “Buku Kidung-kidung Kesucian” ing Pura Mangku Jaya. Katrangan kasebut bisa didudut saka saperangan cuplikan kidung ing ngisor iki.

(57) *Gusti Hyang Moho Waseso, sinembah sagung dumadi..* (LD 1, hal 80)
“Tuhan Yang Maha Kuasa, semua menyembah...”

(58) *Hamba munjuk lumantar pamantramipun, kanthi puja brata nggenya minta tirta suci* (LD 1, hal 80)
“hamba memanjatkan doa melalui mantram-mantram, memuja dengan bersemedi dan dengan sarana air suci...”

Saperangan dhata ing ndhuwur minangka saperangan cuplikan saka kidung-kidung sajrone “Buku Kidung-kidung Kesucian” sing nduweni isi memuji marang Gusti. Dhata (57) nduweni isi padha nyembah lan

ngabekti marang Gustine yaiku Sang Hyang Widhi. Semono uga dhata (58) sing nduweni isi memuji Gusti, luwih cethane nduweni isi yen *hamba* ing dhata kasebut minangka para umate Hyang Widhi sing ngabekti lumantar mantram-mantram lan brata utawa tapa sarta lumantar tirta suci.

2) Sarana Ngabekti

Nalika ngabekti marang Gusti manungsa nggunakake saperangan sarana, semono uga umat Hindu. Umat Hindu nggunakake saperangan saran nalika sembahyang manembah marang Sang Hyang Widhi, kaya sekar utawa kembang, dupa, lan tirta. Sarana-sarana kanggo ngabekti ing agama Hindu kasebut uga kasebutake sajrone saperangan kidung kaya ing ngisor iki.

(63) *Nggenya minta tirta suci...* (LD 1, hal 81)
“meminta air suci...”

(64) *Kang lumantar tirta tinampen pra umat sami...* (LD 1, hal 81)
“melalui air suci yang diterima oleh para umat...”

(65) *Lir kusuma mbabar ganda wangi, kumelun war kukusing kang dupa...* (LD 1, hal 82)
“bagaikan bunga yang semerbak harum, dan asap dupa yang mengepul...”

(66) *Kukusing dupa kumelun, hanawur ganda mrik milir, kumepayar cahyaning dupa...* (LD 1, hal 82)
“serangkaian dupa mengepul asapnya, menyebarkan baunya, terlihat sinaran dupa...”

Dhata (63) nganti (66) kalebu saperangan tuladha dhata sing isine bab sarana-sarana ngabektine umat Hindu. Kaya dhata (63) tuladhane, dhata (63) nuduhake yen anggone njaluk tirta suci. Tirta minangka salah siji sarana sembahyang ing agama Hindu. Sarana tirta kasebut uga kasebutake ing dhata (64) sing maksude, lumantar tirta sing ditampa dening para umat. Yen rong dhata kasebut ngrembug sarana tirta, dhata kasebut beda karo dhata (65) lan (66). Dhata (65) nduweni maksud yen kaya kembang sing mbabarake gandane sing wangi, uga kumelune dupa. Sajroone dhata kasebut sara sembahyang sing digunakake ing agama Hindu yaiku kembang lan dupa. Katrangan kasebut uga dibuktekake dening dhata (66) sing nduweni maksud gandane dupa wis kumelun nyebarake ganda arume. Telung dhata ing ndhuwur nuduhake yen kidung-kidung sajrone “Buku Kidung-kidung Kesucian” uga ngrembug bab sarana sembahyang umat Hindu yaiku kaya tirta, kembang, lan dupa.

3) Pepeling mring Agama lan Gusti

Kidung-kidung sajrone “Buku Kidung-kidung Kesucian” ing pura Mangku Jaya sing kulinane dikidungake dening juru kidung utawa para umat Hindu pura Mangku Jaya uga ngemot pepeling marang agama lan Gustine yaiku ora ana liya mung Sang Hyang Widhi Wasa. Pepeling ana sajrone kidung-kidung kasebut nduweni tujuwan ngelingake para umat marang sapa sejatine Sing Akarya Jagad iki lan apa agamane. Ana saperangan dhata sajrone “Buku Kidung-kidung Kesucian” ing Pura Mangku Jaya sing isine sesambungan karo Pepeling marang agama lan Gusti, saperangan tuladhane yaiku kaya ing ngisor iki.

(70) *Kabeh umat Hindu podo sing mituhu, marang tuntunanmu Weda kang tinemtu, pro umat samyo putra putri do bektio, lumujukna agama lan negara kita...* (LD 1, hal 95)

“semua umat Hindu yang setia, kepada tuntunanmu kitab suci Weda, para umat putra-putri semua berbaktilah, majukanlah agama dan negara kita”

(71) *Mangga samya umat Hindu dharma, ingkang winastan pra nayaka, ingkang tansah tekun mring agama, putra-putri umat kita sami...* (LD 1, hal 98)

“ayo para umat Hindu, yang disebut para nayaka, selalulah menekuni agama, putra-putri umat semua”

(72) *Pro nayaka siang dalu kang padha bekti, mangga umat samya, manembah Hyang Widhi, samya muji ageng alit muda mudi jo lali, ngluhurake asmane Hyang Maha Suci* (LD 1, hal 98)

“para nayaka siang malam berbakti, ayo semua umat menyembah Hyang Widhi, besar kecil muda mudi semua memuji, dan meluhurkan nama Hyang Widhi Maha Suci”

Saperangan dhata ing ndhuwur yaiku dhata isng isine sesambungan karo pepeling marang agama lan Sang Hyang Widhi. Dhata (70) yaiku perangan saka kidung Tuha Dharma. Dhata kasebut nduweni maksud ngelingake yen kabeh para umat Hindu kudu tansah mituhu marang tuntunane umat Hindu yaiku kitab suci Weda. Saliyane iku dhata kasebut uga ngejak supaya para umat uga tansah ngabekti marang Sang Hyang Widhi. Cetha saka andharan kasebut yen dhata kasebut nduweni isi sing sesambungan karo pepeling marang agama lan Gustine.

Dhata candhake yaiku dhata (71). Dhata kasebut uga nduweni isi sing sesambungan karo pepeling marang Gusti lan agama. Dhata (71) nduweni maksud ngejak lan ngelingake supaya para nayaka Hindu tansah tekun mring agamane. Nayaka yen ing agama Hindu yaiku arane mudha-mudhi Hindu. Maksud saka dhata kasebut yen para nayaraka padha tekun ngabekti mring Hyang Widhi, mbesuk bakale yen tuwa uga tekun mring agamane.

Dhata (72) nduweni maksud yen kabeh para umat ora kenal cilik gedhe, enom tuwa, dielingake supaya tansah ngabekti awan lan bengi. Katrangan kasebut nduweni isi pepeling mring Gusti lan agama kaya dene rong dhata sadurunge.

(4) Kawruh Agama

Saliyane saka sekolah, kawruh uga bisa diolehi saka agama. Agama sing diugemi ngemot akeh banget kawruh, semono uga agama Hindu. Kawruh-kawruh ing agama Hindu uga kaandharake sajrone kidung-kidung. Saperangan kidung sajrone “Buku Kidung-kidung Kesucian” sing ngemot kawruh agama yaiku kaandharake kaya ing ngisor iki.

(75) *Panca Sradha Panca Sradha, menjadi kokoh dasarnya agama Hindu Dharma, nomer satu Brahma, nomer dua Atman, nomer tiga Karmapala, nomer empat Samsara, nomer lima moksa, memang itu tujuannya* (LD 1, hal 85)

“Panca Sradha Panca Sradha, menjadi kokoh dasarnya agama Hindu Dharma, nomer satu Brahma, nomer dua Atman, nomer tiga Karmapala, nomer empat Samsara, nomer lima moksa, memang itu tujuannya”

(76) *Weda suci iku dadi tuntunane, Panca Srada iku dadi ugemane...* (LD 1, hal 96)

“Weda suci itu yang menjadi tuntunannya, Panca Srada yang menjadi dasarnya”

(77) *Catur Guru iku kang dadi sesanggeman kita, guru sejati, guru rupaka, guru pangaksaran, lan guru wisesa, guru sejati iku ngono kita ngabekti mring Sang Hyang Widhi, guru rupaka iyo ngono kita ngabekti marang wong tuwa lanang lan wadon, wondene guru pangaksaran kita bekti mring dwija, lan uga guru Wisesa kita bekti mring negara* (LD 1, hal 97)

“Catur Guru itu yang menjadi kewajiban kita, yaitu guru sejati, guru rupaka, guru pangaksaran, dan guru wisesa, guru sejati yaitu kewajiban menyembah Sang Hyang Widhi, guru rupaka kewajiban menghormati orang tua, guru pangaksaran kewajiban menghormati guru, guru wisesa kewajiban menghormati negara”

Saperangan dhata ing ndhuwur minangka dhata-dhata sing isine bab kawruh agama. Kaya dhata (74). Dhata kasebut ngrembug Panca Srada, agama Hindu kaya dene Indonesia. Yen Indonesia nduweni Panca Sila minangka dhasare, Hindu uga nduweni dhasar yaiku sing diarani Panca Srada. Yen disawang saka dhata (74) cetha banget yen Panca Srada iku ana lima cacahé yaiku Brahma, Atman, Karmapala, Samsara, Moksa. Uga diandharake yen moksa yen ing agama Hindu minangka

tujuwan sing pungkasan agama Hindu.

Dhata candhake yaiku dhata (75). Dhata kasebut ora nyebal adoh saka dhata (74). Dhata (75) uga ngrembug Panca Srada nanging panjlentrehan luwih cetha ing dhata (74). Saliyane rong dhata kasebut uga isih ana dhata (76) yaiku ngrembug bab Catur Guru. Sajrone dhata kasebut uga kaandharake perangan saka catur guru yaiku guru sejati, guru rupaka, guru pangaksaran, lan guru wisesa. Saliyane iku, panjlentrehan dhata (76) uga cetha banget amarga ana tegese saka saben perangan, kaya guru sejati yaiku Sang Hyang Widhi Wasa, guru rupaka yaiku wong tuwa sakloron, guru pangaksaran yaiku guru sing ana ing sekolah, lan guru wisesa sing tegese yaiku ngabketi mring negara. Dhata candhake yaiku dhata (77). Dhata kasebut ngandharake spaerangan kawruh ing agama Hindu, nanging kurang cetha amarga sing diandharake ora mung sakawruh yaiku ana Panca Srada, Catur Asrama, lan Tri Kaya Parisudha.

5). Pandonga lan Pangajab

Wong ngabekti lan manembah marang Gusti mesthi ngaturake donga. Pandonga lan pangajab ora luput saka para umat sing lagi nglakoni sembahyang. Pandonga lan pangajab kasebut uga ana sajrone kidung-kidung ing “Buku Kidung-kidung Kesucian”. Saperangan tuladha dhatane kaya ing ngisor iki.

(80) *Amung pujo puji, mugo-mugo ra ono rubedo, sak lawase, nggone kawruh ngudi Weda Suci* (LD 1, hal 109)

“hanya puja-puji, semoga tidak ada halangan, selamanya, ketika aku mencari ilmu Weda Suci”

(81) *Manembah ngarsaning Sang Hyang Widhi kareben tentrem raharja uripe ing alam donyo, kabeh podo ngucap mantra Tri Sandya, mesthi diayomi Sang Hyang Widhi...* (LD 1, hal 96)

“menyembah Sang Hyang Widhi ingin tentram selamat hidupnya di dunia, semua mengucapkan mantra Tri Sandya, sudah pasti dilindungi oleh Sang Hyang Widhi”

(82) *Hyang Widhi keparingan nugroho, paring berkah rahayu, mring pro wargo sak indenge nusantoro, Hyang Widhi cinaketno kayuhanan* (LD 1, hal 99)

“Hyang Widhi memberi anugrah, memberi berkah keselamatan, kepada para warga seluruh nusantara, Hyang Widhi dekatkanlah cita-cita hamba”

Dhata-dhata ing ndhuwur yen diwaca ngemot isi sing padha yaiku pandonga lan pangajab. Ana saperangan dhata sing ngemot pandonga, lan ana saperangan sing ngemot pangajab, pandonga lan pangajab wis lumrah ana sajrone panguripan agama. Dhata (80) ngemot pandonga supaya diadohake saka rubeda nalika ngudi kitab suci Weda. Beda karo dhata (80), dhata (81) ngemot pangajab. Dhata (81) ngemot pangajab yen kepengin diparingi katentreman lan kaharharjan ing uripe.

PANUTUP

Dudutan

Sajrone bab-bab sadurunge wis diandharake perangan ngenani kidung-kidung sing ana sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya Tegalrejo, Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi lan perkara-perkara sing diteliti. Saka asile panliten sing sesambungan karo perkara ragam basa sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya bisa didudut telung perangan.

Perangan kapisan yaiku babagan ragam basa sing ana sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya, Desa Kradenan, Kecamatan Puwoharjo, Kabupaten Banyuwangi. Adhedhasar analisis kasebut bisa disawang yen sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya nggunakake basa Jawa, basa Indonesia, lan basa Sansekerta. Saliyane saperangan basa kasebut, sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya uga nggunakake undha usuk basa Jawa ing antarane yaiku basa krama, krama-ngoko, krama-Sansekerta, ngoko, ngoko-krama, ngoko-Sansekerta, lan ngoko-Indonesia.

Asil analisis babagan pamilihe basa sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya. Pamilihe basa sing ana sajrone buku kasebut yaiku pepindhan lan wangsalan. Pepindhan sing ana sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya rada akeh cacahé, amarga buku kasebut ngemot kidung-kidung utawa tetembangan ing agama Hindu. Lumrahe tembang, pepindhan sajrone kidung nduweni guna kanggo nambahi unsur *estetika* utawa kaendahan tembang kasebut supaya bisa narik kawigaten para pamaca lan *penikmat* tembang utawa kidung.

Analisis panliten iki ngenani isi sajrone kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya, pranyata kidung-kidung kesucian ing pura kasebut ngemot akeh kawruh agama. Saliyane iku uga ngejak lan ngelingake para umat supaya tansah nglakoni kwajibane manungsa minangka reriptane Gusti. Kidung-kidung sajrone “Buku Kidung-kidung Kesucian” kasebut uga ngemot pandonga lan pangajab. Adhedhasar katrangan kasebut bisa dingerteni yen pandonga lan pangajab ora mung ana ing mantram-mantram nanging uga ing kidung-kidung.

Pamrayoga

Panliten kanthi irah-irahan *Ragam Basa sajrone Buku Kidung-kidung Kesucian edisi Pesantian ing Pura Mangku Jaya, Desa Kradenan, Kecamatan Purawoharjo, Kabupaten Banyuwangi* iki isih adoh saka sampurna. Diajab ing tembe burine panliten liya bisa nliti babagan iki kanthi luwih gamblang lan sampurna. Saliyane iku, kanthi anane skripsi iki pamaca bisa ngerti ragam basa apa wae sing ana sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya. Adhedhasar basa sajrone buku kidung-kidung kesucian kasebut, bisa dingerteni basa sing panulisane kliru lan maneka warna basane, mula para pamaca bisa mbedakake lan ora nggunakake basa-basa sing kliru. Anane saperangan tembang macapat sajrone buku kidung-kidung kesucian kasebut uga melu awèh kawruh luwih jeru manèh, amarga sajrone panliten iki uga wis diandharake perangane tembang macapat sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya sing nyebal saka paugeran tembang macapat.

Saengga pamaca bisa ngerteni kanthi luwih gamblang babagan paugeran tembang macapat lan tuladhane sajrone panliten iki, sarta bisa ngerteni yen nalika ngripta tembang macapat kudu manut paugeran tembang macapat.

KAPUSTAKAN

- Basir, Udjang. 2010. *Sosiolinguistik Pengantar Kajian Tindak Berbahasa (Konsep, teori, model pendekatan dan fakta bahasa)*. Surabaya: Bintang.
- B.A, Sukiyat dkk. 1984. *Paramasastra Jawa (jilid 1)*. Solo: Tiga Serangkai.
- Chaer, Leoni Agustina. 2010. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Darminto dkk. 2010. *Kamus Besar Bausastra Jawa*. Surakarta: Kharisma.
- Djajasudarma, Fatimah. 1993. *Wacana Pemahaman Atas Hubungan Antar Unsur*. Bandung: Erisco.
- Gerber, Philip L. Tanpa Taun. *Lessons in Languages*. Brockport: Wadsworth Publishing Company, Inc, Belmont, California.
- Ibrahim, Abdul Syukur. 1992. *Kajian Tindak Tutur*. Malang: Usaha Nasional.
- _____. 1992. *Kapita Selekta Sosiolinguistik*. Malang: Usaha Nasional.
- _____. 1994. *Panduan Penelitian Etnografi Komunikasi*. Malang: Usaha Nasional.
- _____. 2009. *Sosiolinguistik*. Jakarta: Universitas Terbuka.
- Keraf, Gorys. 2006. *Diksi dan Gaya Bahasa: Komposisi lanjutan I*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama
- Kesuma, Tri Mastoyo Jati. 2007. *Pengantar (Metode) Penelitian Bahasa*. Yogyakarta: Carasvati books.
- Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya Edisi Revisi*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada
- Moleong, J Lexy. 2005. *Metodologi Penelitian Kualitatif Edisi Revisi*. Bandung: Remaja Rosda Karya.
- Nugroho, Yusro Edy. 2008. *Senarai Puisi Jawa Klasik*. Semarang: Cipta Prima Nusantara.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Pateda, Mansoer. 1987. *Sosiolinguistik*. Gorontalo: Angkasa.
- Rahadi, Kunjana. 2001. *Sosiolinguistik, Kode dan Alih Kode*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- _____. 2003. *Berkenalan Dengan Ilmu Bahasa Pragmatik*. Malang: Dioma.
- Saputra, Karsono H. 2000. *Puisi Jawa: Struktur dan Estetika*. Jakarta: Wedatama Widya Sastra.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2010. *Unggah-ungguh Basa Jawa*. Jakarta: Gama Media.
- Setiyanto, Aryo Bimo. 2007. *Parama Sastra Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sudharta, Tjok Rai dkk. 2001. *Upadesa tentang Ajaran-ajaran Agama Hindu*. Singaraja: Paramita.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Unesa Unipress
- Sumarsosno. 2013. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Susantina, Sukatmi. 2009. *Tembang Macapat*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Tim Penyusun Balai Bahasa Yogyakarta. 2010. *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta: Kanisius.
- Wijana, Muhammad Rohmadi. 2013. *Sosiolinguistik Kajian Teori dan Analisis*. Surakarta: Pustaka Pelajar.